# ИНТЕРАКТИВ ТЕХНОЛОГИЯЛАР АРҚАЛЫ ОҚЫЎШЫЛАРДЫҢ АЎЫЗЕКИ СӨЙЛЕЎ ҲӘМ ЖАЗБА ТИЛИН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ

***Қабулова Мехрибан Толыбаевна***

*ТАТУ Нөкис филиалы асситент-оқытыўшысы*

**Аннотация.** В процессе глобализации в нашей стране произошли значительные изменения в сфере образования. Существует потребность в совершенствовании эстетических и методических навыков, в поддержке стратегий, направленных на углубление знаний учащихся.

**Summary.** In the process of globalization, our country has undergone significant changes in the field of education. There is a need to improve aesthetic and methodological skills, to support strategies aimed at deepening students' knowledge.

***Ключевые слова:*** процесс урока, обучение, художественная конференция, деятельность кружка, внеаудиторное занятие, образ, творчество.

***Key words*:** the process of the lesson, training, literary conference, activiry of the club, extra classes, character, creative work.

Өзбекстан Республикасының билимлендириў системасына инновация енгизиў, жедел билим бериўши ҳәм әмелде жақсы нәтийже беретуғын оқытыў усылларын өзлестириўдеги тийкарғы ўазыйпалардың бири өз шараятымызға ҳәм өзлигимизге, дүнья жетискенликлерине сай келиўши билим бериўдиң жаңа усылларын ислеп шығыўдан ибарат. Усы көзқарастан интерактив технологиялар муғаллимниң оқыўшыларды сабақ пенен қызықтырыўға жәрдем береди, оларды актив қатнасыўға, белгили нәтийжелерге ерисиўге ҳәм жәмәәт пенен ислесиўге қоллайлы болады. Сонлықтан оқыўшылардың аўызеки сөйлеў ҳәм жазба тилин раўажландырыў мақсетинде сабақ барысында

бир неше интерактив технологияларды қолланып көрдик. Бул технологиялар төмендегише өткерилди. “Жазыў орталық сәубети” технологиясына 6 класс ушын әдебият сабақлығында берилген шайыр И.Юсуповтың «Дала әрманлары» поэмасын қоллансақ болады. “Жазыў орталық сәўбети” технологиясы: жумыс процессинде бет ҳәм ручка турақлы түрде шеңбер бойлап узатылады: ҳәр ким көрсетилген мәселе бойынша өз пикирин жазады. Поэмада даланың бай тәбияты, қуслар, ҳайўанатлар дүньясы, жер асты байлықлары, шексиз кең Үстирт жәзийрасының сырлы ғәзийне кәнин өзлестириўши геологлардың қаҳарманлықлары, XX әсирдиң орталарында Қарақалпақстанда жүз берип атырған жаңа өзгерислер жырланады.

Қадағалаў ўазыйпалары:

• Поэманың мәнисин түсиниў;

• Шайыр не ушын шығарма темасын « Дала әрманлары » деп атаған;

• Поэма бойынша сораўлар дүзиў:

1-топар Үстирт ҳаққында нелерди билесиз? Қарақалпақстандағы қандай жер асты байлықлары туўралы еситкенсиз? Жер асты байлықлары адамзатқа не ушын пайдалы?

2-топар «Далада теңеў ҳәм мегзетиўлер көп…» деген қатарын талқылаң. Қосық Катарларында шайыр даланы не нәрселерге усатады? Шайыр атыз тәбиятын, Үстирт кеңислигин сүўретлеўде қандай салыстырыў сөзлерден пайдаланған?

3-топар Шығарманың тийкарғы идеясы қандай?

"Интеллектуал хүжим" технологиясында 6 класс ушын әдебият сабақлығындағы жазыўшы Ш.Сейтовтың «Көп еди кеткен тырналар» шығармасын пайдалансақ болады. "Интеллектуал хүжим" технологиясы : 3-4 топар оқыўшылары оқыў машқаласын шешиўге қаратылған тапсырма алынады. 1-басқышда бул машқаланы шешиў бойынша идеялар илгери жылжытылады, 2-басқышта идеялар конкретлестириледи. Повесть

тийкарынан екинши жер жүзилик урыс жылларындағы тылдағы турмыс ўақыяларын сүўретлейди. Сол дәўир адамларындағы дослық, туўысқанлық, адамгершилик сезимлерди, тылдағы ҳәм фронттағы қаҳарманлық гүрес, ўақтынан бурын ержеткен, турмыс аўырманшылығына дуўшакер болған балалар тәғдири сөз етиледи. «Интеллектуал ҳүжим» - идеяларды биргеликте ислеп шығыў ҳәм стандарт болмаған дөретиўшилик шешимлерди излеўди талап етеди.

Қадағалаў ўазыйпалары:

1. Шығармада жазыўшы урыс дәўириндеги турмысты, адамлардың кеўил кейпиятын қалай сүўретлейди?

2. Шығармадағы өрт ўақыясы қалай жүз берди?

3. Петканың Гүләсенниң үкелерин оттан қутқарғаны сизлерде қандай тәсир қалдырды?

4. Қалай ойлайсыз, әкеси келген соң Петка сөйлеп кетиўи мүмкин бе?

1 топар: Қонақ баланың сөйлей алмаўына не себеп болған болыўы мүмкин?

2 топар: Еки бала арасында не ушын түсинбеўшилик келип шықты?

3 топар: Қонақ бала неге қапа болды деп ойлайсыз?

4 топар: Балалар не ушын «Тырналар» қосығын айтады? Тырналар қандай қус?

“Кластер” технологиясына 7 класс ушын Әдебият сабақлығында берилген Н.Дәўқараевтың «Интернатта» гүрриңинен пайдалансақ болады. Гүрриңде 1925-30 жыллардағы дәўир турмысы, социаллық теңсизлик, жарымшы әкесин бай урып өлтирген жетим баланың мектеп-интернатта тәлим алып, оқымыслы азамат болып, ел, халық қатарына қосылыўға басланған дәслепки қәдемлери сөз етиледи. Муғаллим ўақыяны және бир мәртебе оқыўшылардың ядына салыў, олардың көз алдында ўақыяларды картина арқалы да өткериў керек болады. Оннан соң гүрриңдеги гәп етилип атырған

ўақыялар әбден түсиникли болып қалады. Н.Дәўқараевтың «Интернатта» гүрриңи бойынша оқыўшылар қыялына келген ҳәмме затты гилт сөзи “теңсизлик” пенен байланыстырып жазып алып, ўақыт тоқтамағанша жазыўды тоқтатпаўы керек. Ылажы болғанынша көбирек байланыс орнатыўға ҳәрекет етиў керек.

Машқала: Социаллық теңсизлик. Әдалатсызлық. Байлардың дым көп жерге ийе болыўы, дийқанлардың мийнетине жараса ҳақы төленбеўи.

Гүрриңнен мысал: Турымбет ҳаялы менен жазы бойы ислеген исине ылайық ҳақы алмады. Ҳақысын талап еткени ушын Жумаш байдың қолынан жазым болды.

Кластер қағыйдалары

1. Қыялыңызға келген ҳәмме затты жазың.

2.Орфография ҳәм жазыўды тоқтатыўшы басқа факторларға итибар бермең

3.Белгиленген ўақыт таўсылмағанша жазыўды тоқтатпаң. Егер идеялар бирден мийиңизге келиўин тоқтатса, жаңа идеялар пайда боламан дегенге шекем қағазға сызың.

4. Илажы болғанынша көбирек байланыс орнатыўға ҳәрекет етиң. Идеялар санын, олардың ағымын ҳәм олар арасындағы байланысларды шеклемең.

ушырамас еди?

**" Қандай етип? "** диаграммасын қурыў қағыйдалары.

1. Машқаланы шешиўде көбинесе сиз " не қылыў керек" ҳаққында ойлаўыңыз шәрт емес. Машқала әдетде " қайткенде". " қандай? " - оны шешиўде жүзеге келетуғын тийкарғы сораў.

“Қандай етип?” деген избе-из сораўлар. мүмкиншилик береди:

• машқаланы шешиўдиң барлық әмелдеги вариантларын емес, бәлки оларды әмелге асырыў жолларын да үйрениў;

• иерархик идеялар дүзилисин ашып бериў.

Диаграмма стратегиялық дәрежедеги сораўлардан басланады. Машқаланы шешиўдиң төменги дәрежеси үстин туратуғын ҳәрекетлер дизимине сәйкес келеди.

2. Барлық пикирлерди ойламастан, баҳаламастән, салыстырмастән демде жазып алыў керек.

3. Диаграмма ҳеш қашан толық болмайды : оған жаңа идеялар қосыла береди.

**"Жуўмақ" технологиясы**: 3-4 жумысшы топарлар улыўма тематикалық блоктан бир теманы алады және оның презентациясын аўызша презентация формасында көрсетеди. Нәтийжеде, бул блок бойынша билимлер улыўмаластырылады.

-"Аквариум" ойынларының бир түри болып, ол жағдайда процессте қатнаспаған оқыўшылар болып атырған ўақыяларға түсиндирме береди.

-"Аквариум" технологиясы : ролли ойын ушын жай таярланып атыр. Ролли ойындың тиккелей қатнасыўшылары жағдайларды ойнайды, қалғанларына болса ойынды дыққат пенен бақлаў ўазыйпасы бериледи. Кейин ойын даўамында не болғанын талқылаў мүмкиншилиги пайда болады. Ойын таўсылғаннан кейин, ойынды тамаша қылып атырған тыңлаўшыларға сораўлар береди.

"Брейнринг" технологиясы: 5-6 оқыўшылардан ибарат 4-5 топарға бөлинеди. Топарларды ҳәмме бир-бирин көре алатуғын тәризде тәртипке салыў зәрүрли болып табылады. Ҳәр бир топарға үйренилип атырған тема бойынша 3 сораўдан жазыў тапсырылады.

"Бумеранг" технологиясы: оқыўшылардан шөлкемлескен 3-4 жумысшы топарларға оларда анықланған машқалаларды талықылаў ушын тексттиң параграфлары бериледи. Ҳәр бир топар ажыратылған атамалар жәрдеминде өз параграфының мазмунын тәкирарлайды. Кейин пүткил текст

биргеликте тикленеди. Шерикликте үйрениў: оқыў топары киши топарларға бөлинген. Ҳәр бир киши топар үйренилип атырған теманың мәлим бир тараўы бойынша қәнийгеге айланады ҳәм басқаларға үйретеди.

Ҳәр бир топардың мақсети басқа топарлардағы барлық қатнасыўшылардың тема мәселелерин толық өзлестириўлерин тәмийинлеўден ибарат. " Биргеликте үйрениў" (" Цооп-цооп") техникасынан пайдаланған ҳалда топар жумысын шөлкемлестириў процесиниң дүзилиси:

1. 3-5 оқыўшыдан топарлар дүзиледи.

2. Ҳәр бир топарға бир ўазыйпа бериледи - улыўма теманың бир бөлеги болып, ол жағдайда пүткил оқыў топары ислейди ҳәм муғаллим тәрепинен жәрдем көрсетиледи.

3. Ҳәр бир топар ишинде тапсырмалар бөлистириледи.

4. Ҳәр бир оқыўшы индивидуаль тапсырмаларды атқарады.

5. Топардың барлық ағзаларының мини-есабатларын тыңланыуы керек. Олар улыўма нәтийжени қәлиплестиреди: оқыушыларға сораўларға жуўап хәм презентацияға таярлаў тапсырылады.

6. Баянатшы ямаса топарның барлық ағзалары биргеликтеги жумыс нәтийжелерин усыныс етиуи керек.

Топарның жуўмақлаўшы баҳасы есабат ушын улыўма баллды да, өзбетинше жумыс ушын индивидуал балларды да өз ишине алады.

Муғаллим текстти оқылыўында оқыўшыларға жол-жоба көрсетиўи керек. Дәслепки еки сораўға жуўаплар оқыў тексти даўамында аз-аздан жыйналады. Үшинши сораўға жуўап таярлаў биринши ҳәм екинши сораўларға жуўаплар ушын топланған материалларға тийкарланады.

"Пикир алмасыў" - бул оқыўшыларды текст үстинде ойлаўға, өз идеяларын қәлиплестириўге ҳәм сериклер жәрдеминде анық формада аңлатыўға ойлайтуғын шерикликтеги искерлик болып табылады.

Әдебият сабақларын оқытыў барысында "Шөлкемниң процесс дүзилиси", " Ойлаң / жуп болып ислең / пикир алмасың", "Тартыс", "Семинар - тартыстың роли" интерактив технологиялар қолланады. Бул методлар арқалы топардағы ағзалар қарсыластың пикирлеўиндеги қарама-қарсылықлар ҳәм логикалық қәтелерди ашып береди, түсиниклердиң мәнисин анықлайды, дәлиллер ямаса бийкарлаў процесин, гипотезаны илгери жылжытыўдың ңызамлылығын ҳәм басқаларды таллайды.

Нәтийжеде әдебият сабақларын оқытыў барысында интерактив технологияларды орынлы пайдаланып, оқыўшылардың еркин пикирлесиў, бирге излениў, ислесиў, өз-ара пикир алмасыў принциплерин басшылыққа алыў керек. Сабақ барысында оқыўшылар тәрепинен алдын ала белгили дәрежеде түсиниги бар қандай да бир мәселе талқыланса бул сабақ нәтийжели ҳәм сапалы болады. Әдебият бойынша оқытылып атырған темалар бойынша топардың исшеңлиги анықланып, қарақалпақ әдебиятына байланыслы мәселени шешип ҳәм пикирлесиўи артып барады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**


1. Хусанбоева Қ., Ниёзметова Р. Адабиёт ўқитиш методикаси. (дарслик) – Ташкент., Баркамал файз мадиа., 2018., – 352 б.
2. Юсупов Қ. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. – Tashkent., Сано-стандарт., 2018.
3. Юсупов К.А. Қарақалпақ әдебиятын интерактив методлар менен оқытыў усыллары. ҚМУ хабаршысы, 2011, 1-2-саны, 58-60.
4. Konis A. Yusupov. Studying Forms of Teaching Karakalpak Poetry at Academic Lyceums. Eastern European Scientific Journal. Germany. Ausgabe, 3-2018. 72-75.
5. Konis A. Yusupov. Studying Karakalpak Poetry in Academic Lyceums by Various Methods in Class. Eastern European Scientific Journal.. Germany. Ausgabe, 1-2019. 83-85.

6. Yusupov K.A. Scientific and methodological problems of studying karakalpak literature. //Asian Journal of Multidimensional Research (AJMR) https://www.tarj.in. ISSN: 2278-4853 Vol 10, Issue 5, May, 2021. Стр. 585-590. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.699. 10.5958/2278-4853.2021.00451.1

7. Юсупов К.А. Научно-методических основы преподавания каракалпакской литературы. Internaional Scienfiic Jounal Theoretical & Applied Scieence p-ISSN: 2308-4944 (print) e- ISSN:2409-0085 (online) Year: 2021 Issue: 11. Pp. 362-371. http://T.Science.org.

8. Юсупов К.А. Развитие устной культуры учащихся на уроках литературы // Til va adabiyot ta’limi. – Тошкент, 2022. – №1. – Б. 70-71 (13.00.00. №8).

9. Yusupov K.A. Umumiy o’rta ta’lim maktablarida qoraqalpoq adabiyotini o’qitish masalalari// Til va adabiyot ta’limi. – Тошкент, 2022. – №2. – Б. 17-18 (13.00.00. №8).

10. Yusupov K.A. Teaching students the metods of artistic depiction in Karakalpak prose. // Journal of Hunan University (Natural Sciences). Vol. 49. No. 04. April 2022. Page - 590-603

11. Yusupov K.A. Methods of selection of Karakalpak Novels. // Journal of Positive School Psychology. (Scopus) Volume. 6, No. 4 (2022). Page - 26-30.

12. Yusupov K.A. Learning Discussing the Epic Novels. // Eurasian Journal of Learning and Academic Teahing. Volume 7 I March 2022. Page - 26-30.

13. Юсупов К.А. Обучение основам письменной речи учащихся. // «PEDAGOGS» innernational research journal. Volume-7, Issue-1, April-2022. – Стр. 176-181.

**14.** Yusupov K.A. Theortical foundations of teaching Karakalpak literature. // GALAXY international interdisciplinary research journal (GIIRJ). ISSN (E): 2347-6915. Vol. 10, Issue 5. May, (2022). PP. – 210-216.

**15.** Yusupov K.A. Qoraqalpoq adabiyotini úqitish masalalari // Journal of new century innovations. (WSRjournal.com), Volume - 5, Issue - 6. May, (2022). PP. – 113-122.

16. Юсупов К.А. Изучение произведений писателя на уроках литературы . // Международный научно-образовательный журнал «Образование и наука в XXI веке». Выпуск №26 (том 4), май, 2022. – Стр. 196-201.

**17.** Yusupov K.A. Methodologu for analyzing iyrical works in literature lessons. // Miasto Przysztoģci. (**Impact Factor: 9.2).** Vol. 26 (2022). Page - 200-208.

18. Юсупов К.А. Изучение творчества С.Мажитова в школе. //V Международный журнал научных исследований «Научный импульс». Выпуск №1. 30 август, 2022. Стр. 44-50.

19. Yusupov K.A. Methods of Teaching the Works of O.Satbaev in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01lssue. September - 2022. Page – 44-53.

20. Yusupov K.A. Develorment of Oral and Written Speech of Students in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01 lssue. September 2022. Page – 56-66.

21. Yusupov K.A. Problems of Teaching Korakalpok literature // Central asian journal of literature, philosophy and culture. Vol. 03 lssue: 2022. Page 75-85.

22. Yusupov K.A. Ádebiyat sabaqlarında interaktiv texnologiyalar. //Международный научно-образовательный журнал «Новости образование: Исследование в XXI веке». Выпуск №6 (100), январь, 2023. – Стр. 38-46.